

# Gwooup Dako Solidarite Aksyon (GASA)



Depatman: Latibonit


Gwooup Dako Solidarite Aksyon (GASA) se yon lekòl fòmasyon pwofesyonèl nan vil Dezam ki nan Vale Atibonit la. Depi 2008 l ap travay pou fòme manm kominote nan plizyè aktivite pwofesyonèl epi kijan pou fè antrepriz avèk developman kominote.



## Kisa lòt kominote ka aprann de GASA?

\* Itilizasyon resous kominote pou kreye yon lekòl pwofesyonèl

Wozo Ayiti: Rasin Chanjman



## Istwa òrganizasyon an

An 2008 yon gwoup jenn etidyan invèsite retounen nan vil lakay yo nan Dezam pou mete sou pye yon lekòl fòmasyon pwofesyonèl ki rele Gwoup Ako Solidarite Aksyon (GASA). GASA etabli nan yon lekòl abandone ki pa te fini konstri.

## Rezime de travay k ap fèt

Pandan anne ki pase yo, moun ki te kreye lekòl sa a bay tan yo, invèsti lajan yo pou te ka ofri de twa kou fòmasyon pwofesyonèl. Apre yon ti tan, lekòl la ouvri pòt li pou plis moun ka vinn etidye, epi yo ajoute yon ban klas tankou plonbye, mason, agwonomi, mekanisyen machin.

Chak kou vini avèk yon pakèt lòt fòmasyon sou koman moun jere biznis, e pote sipò ak etidyan ki vle ouvri biznis pa yo. Anplis de sa, yo mande etidyan yo pou yo pran klas sou devlopman kominote pou yo ka reflechi sou fason yo menm tou ka ede sosyete a.


Lekòl GASA a kwe anpil nan fason pratik pou moun aprann. Li genyen 5 ekta te pou fè demonstrasyon jaden, avèk yon sant transfòmasyon epi yon atelye travay kote mason yo ka fè eksperyans teknik nan kay ki sipòte tranbleman tè a.

Se sèlman denyeman la ke GASA komanse jwenn sipò nan men de twa patnè ki pemèt li komanse peye pwofesè ki t ap travay tankou volontè.

### Kisa lòt kominote ka aprann de inisyativ sa a?

GASA vreman gen yon strateji ki montre koman pou fè mache yon fòmasyon pwofesyonèl solid k ap itilize resous kominote, tankou yon pedagoji sou fason pou fè lekòl pratik lan telman bon ke moun ki gradye ladan l yo kapab retounen nan kominote pa yo avèk anpil otonomi.

GASA devlope yon metòd avèk yon pedagoji ki asire ke etidyan ki gradye ladan l yo konsyan de enpòtans pou yo ede kominote pa yo an retou, yon bagay anpil sant edikasyon atrave Ayiti ta ka benefisye de li.



# Groupe D'accord Solidarité Action GASA



Projet : Formation Professionnelle  
et du Renouveau Economique de Desarmes  
Mise en oeuvre par : GASA

Durée 1 an "Juillet 2011 Juin 2012"  
Finance par : MCC & ACDI

Kontak:

Wando Jules, Tel : 3844-1042